

# Conférence Episcopale d'Haïti CEH

56, Angle Rues Piquant et Lamarre, HT 6110, Port-au-Prince, Haïti (W.I)  
Tel : (509) 3701-2232 / 3588-7777 - Fax : 1(800) 653-6211  
Email : secretariat@ceht.ht / URL : http://ceh.ht

## **NÒT KONFERANS EVÈK KATOLIK PEYI AYITI YO VOYE BAY : PÈ YO, RELIJE AK RELIJEZ YO, FIDÈL LAYIK YO, FI AK GASON BÒN VOLONTE POU ANONSE YON NEVEN PRIYE PANDAN PREPARASYON FET LAPANNKOT 2019 LA AK YON ANE ADORASYON PEPETYEL KAP KOMANSE LAPANNKOT 2019 POU RIVE LAPANNKOT 2020**

*«Kounye-a tounen vin jwenn mwen ak tout kè nou.[...]. Tounen vin jwenn Granmèt Bondye nou-an. [...]. Li gen bon kè anpil, li gen pitye pou moun» (Jowèl 2 vèsè 12-13).*

Frè ak Sè nou yo,

Depi kèk tan nap viv nan peyi sa nou renmen anpil la yon seri bagay ki ban nou anpil kè sere chak jou pi plis. Masak ki te rive Kafou Fèy la jou ki te mèkredi 24 avril la vin mete abse sou klou. Ensekirite ak gang ame pasi pala anndan tout peyi a ban nou anpil kè sote. Se bagay nou pat janm wè. Epi, sa k pi mal la se moun ki gen mwayen ak pouvwa ki ap kore bandi sa yo.

Met sou sa, kesyon youn pa fè lòt konfyans blayi pi plis toujou nan mitan peyi a. Pèp la pa fè dirijan yo konfyans, dirijan pa fè dirijan konfyans, pati politik yo, youn pa fè lòt konfyans. Tout moun vle dyalòg, men si youn pa fè lòt konfyans, kijan pou nou rive nan dyalòg sa a ?

Sa k fè kè nou senyen tou se lavi chè a kap vale tèren. Li peze sou lavi tout moun men plis toujou sou lavi sila yo ki pi pòv yo.

Sitiyasyon malouk sa a ki vlope tout peyi a, lè nou byen gade, se rezilta peche a. Peche sa a nou konn rele peche mòtèl la, se vre, li la tout bon vre. Li pote lanmò ak dlo nan je. Se peche sa ki sot nan kè moun nan ki lage pwazon sa a sou peyi a (cf. Matye 15, 10-19). Se peche nou chak. Nou pa dwe kontante n ap akize youn lòt.

Nou tout ta renmen pou gen yon chanjman ki fèt nan peyi sa a, men kot chanjman sa a ap soti? Se nan kè nou pou l soti an premye. Si kè nou pa chanje, peyi sa a pap janm chanje.

Konsa nou envite nou antre fon nan lapriyè pou nou mande Bondye chanje kè nou. Lapriyè sa a nou pral fè yon fason espesyal nan nevèn anvan Fèt Lapannkot la. Nou ta renmen nou patisipe nan nevèn sa a toupatou nan peyi a, nan tout dyosèz, tout pawas ak tout chapèl pou

nou mande Bondye chanje kè nou toutbonvre, wete rayisans, vanjans, egoyis, vyolans, ak tout kalite mekanste ki anpeche n fè sa ki byen. Se pou l ban nou yon kè nouvo ak yon lespri nouvo. Se pou l aprann nou youn renmen lòt toutbonvre.

Ane sa a nou mande nou plis toujou pase nevèn Lapannkot la akòz eta peyi nou ki mande anpil lapriyè. Nou mande nou kontinye lapriyè pandan tout yon lane kap soti nan Lapannkot 2019 rive nan Lapannkot 2020. Se va yon lane adorasyon pèpetyèl. Nou va resevwa plis esplikasyon sou sa. Tout lapriyè sa a ap sèvi tankou yon semans kap soti nan kè nou ki chanje a pou l tonbe nan tè peyi Ayiti dekwa pou peyi a chanje nèt ale.

Menmjan Manman Mari te nan mitan Apot yo lè yo tap lapriyè nan premye nevèn Lapannkot la, nou mande l akonpanye nou nan pa nou an ak nan tout adorasyon pèpetyèl la.


Mesaj sa a soti Lilavois kote Evèk Katolik yo te reyini jou 3 me, fèt Apot Sen Filip ak Jak.




S.E. Mgr Launay SATURNE  
Achevèk Metwopoliten Okap Ayisyen  
Prezidan CEH




S. E. Mgr Pierre André DUMAS  
Evèk Dyosèz Ansavo ak Miragwann  
Visprezidan CEH



S. E. Mgr Joseph Gontrand DECOSTE, SJ  
Evèk Dyosèz Jeremi  
Sekretè Jeneral CEH




S.E. Mgr Marie Erick Glandas TOUSSAINT  
Evèk Dyosèz Jakmel  
Ekonom CEH



S. Em. Chibly Cardinal LANGLOIS  
Evèk Dyosèz Okay



S. E. Pierre Antoine PAULO, OMI  
Evèk Dyosèz Pòdepè



S. E. Max Leroy MESIDOR  
Achevèk Metwopoliten Pòtoprens



S. E. Mgr. Yves Marie PEAN, CSC  
Evèk Dyosèz Gonayiv

*+ L. Quesnel*

S. E. Mgr Quesnel ALPHONSE, SMM.  
Evèk Dyosèz Fòlibète

*+ W. Romelus*

S. E. Mgr. Willy ROMELUS  
Evèk Emerit Dyosèz Jeremi

*+ D. Jean*

S.E. Mgr. Désinord JEAN  
Evèk Dyosèz Hench

*+ J. Verrier*

S. E. Mgr. Jean Alix VERRIER  
Evèk Emerit Dyosèz Okay

*+ S. Ducange*

S.E. Mgr. Ducange SYLVAIN, SDB  
Evèk Oksilyè Pòtoprens

*+ J. Lafontant*

S. E. Mgr. Joseph LAFONTANT  
Evèk Oksilyè Pòtoprens

*+ L. Kébreau*

S. E. Mgr. Louis N. KEBREAU, SDB  
Achevèk Emerit Okap Ayisyen

